



Pou Piblikasyon Imedya: 09/11/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL DETAYE PREMYE APÈSI KONPLÈ SOU TANDANS KRIM ATRAVÈ ETA NEW YORK POU 2023

Krim vyolan te diminye 6 pousan andeyò Vil New York pandan sis premye mwa ane sa a lè yo konpare ak premye mwa ane 2022 a

Yo te rapòte tou pwogrè enpòtan nan Vil New York, ak senk nan sèt kategori krim grav k ap diminye pandan menm peryòd la

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te detaye premye apèsi konplè sou tandans krim atravè Eta New York pou 2023, li mete aksan sou yon diminisyon 6 pousan nan krim vyolan andeyò Vil New York pandan premye sis mwa ane sa a parapò ak premye mwa ane 2022 a. [Done depatman lapolis ak biwo cherif yo rapòte ansanm nan 57 konte](#) te montre yon diminisyon nan chak nan kat kategori krim vyolan yo: asasina (-27 pousan), vyòl (-16 pousan), vòl (-5 pousan) ak atak grav (-4 pousan). Pandan menm peryòd tan an, te gen yon gwo pwogrè tou nan Vil New York, ak senk nan sèt kategori krim grav yo ki te retrase swiv pa Depatman Lapolis Vil New York (New York City Police Department, NYPD) nan [rapò CompStat](#) li chak semèn lan ap diminye a. Yo te rapòte diminisyon ki pi enpòtan nan senk minisipalite yo nan kantite asasina yo rapòte (-10 pousan), ak vyòl ak vòl (-10 pousan yo chak).

"Kenbe Nouyòkè yo an sekirite se premye priyorite administrasyon mwen an. Tandans sa yo se prèv pozitif ke envestisman entelijan, estratejik nou yo ak patenarya solid lokal, eta ak federal nou yo ap fè yon diferans nan katye ak kominote yo atravè eta a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen rete fèm nan angajman mwen pou asire ke ajans fòs lòd yo ak òganizasyon kominotè yo gen finansman, resous ak sipò yo bezwen pou kontinye desann krim nan nivo ba anvan pandemi, tout tan."

Gouvènè Hochul te dekri tandans krim yo nan Albany maten sa a nan Somè Lidèchip Asosyasyon Chèf Polis Eta New York la, pandan li ap detaye tou pwogrè enpòtan nan batay kont vyolans ak zam ak nivo rekò finansman sekirite piblik ki enkli nan bidjè eta ou Ane Fiskal 2024 la.

Eta New York kontinye kolekte epi rann piblik done sou endis krim yo jan sa defini nan pwogram Rapò Krim Inifòm FBI la, menmsi FBI te tranzisyone pou pase nan yon nouvo sistèm koleksyon done. Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl (Division of Criminal Justice

Services, DCJS) eta a – ajans ki responsab pou kolekte ak konpile enfòmasyon yo rapòte sou krim ak lòt enfòmasyon jistis kriminèl yo – te aplike pratik sa a pou li te kapab kontinye kontwole tandans krim yo alavni, bay piblik la ak desidè yo done sa epi idantifye nenpòt ki diferans nan rapò ki ka fèt pandan ajans yo ap tranzisyone pou pase nan nouvo sistèm rapò federal la.

Komisè Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl Eta New York la, Rossana Rosado, te deklare, "Gouvènè Hochul te fè sekirite piblik premye priyorite li epi done sa yo montre ke envestisman li nan ajans fòs lòd yo ak òganizasyon kominotè yo ap pote fwi pou Nouyòkè yo. Mwen vle remèsye patnè lokal nou yo pou travay yo fè chak jou pou amelyore sekirite kominote a epi paske yo adopte pratik ki baze sou prèv ak estrateji entelijan ki non sèlman diminye krim, men ki ede fè kominote yo antye."

Nan 57 konte ki an deyò Vil New York, krim vyolan ki enplike yon zam afe te diminye anpil nan premye mwatye ane a, ak 397 viktim an mwens (2,046 kont 2,443 oswa -16 pousan) lè yo konpare ak janvyè jiska jen 2022. Anplis konpile done sou krim nan tout eta a, Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl Eta a ap retrase mezi espesifik vyolans ak zam pou depatman lapolis ki resevwa finansman, fòmasyon ak sipò teknik atravè inisyativ Eliminasyon Vyolans ki Enplike Zam (Gun Involved Violence Elimination, GIVE) Eta a.

Depatman polis GIVE yo te rapòte yon diminisyon 25 pousan (686 pa rapò ak 914) nan ensidan fiziyad ak blesi ak 33 bèsnan kantite moun ki mouri nan vyolans ak zam (121 pa rapò ak 181) apati 29 oktòb 2023, konpare ak menm peryòd la ane pase a. Ensidan vyolans ak zam te diminye tou nan Vil New York, ak NYPD ki rapòte diminisyon de chif nan kantite ensidan fiziyad ak moun yo tire jiska 5 novanm 2023: yon rediksyon 26 pousan nan ensidan fiziyad yo (849 pa rapò ak 1,144) ak 391 moun anmwens ki blese pa zam afe (999 pa rapò ak 1,390 oswa -28 pousan).

Pou premye mwatye ane 2023, NYPD te rapòte tou bèsnan krim transpò piblik (-4 pousan) ak ti vòl (-2 pousan), pandan ke yo rapòte ke vòl yo te diminye nan 2 pousan andeyò senk minisipalite yo pandan menm peryòd tan an. Tandans pozitif sa yo te apeze pa ogmantasyon de chif nan vòl veyikil nan tou de rejyon yo, ak yon ogmantasyon 3 pousan nan vòl yo rapòte andeyò Vil New York.

Sèt semèn de sa, Gouvènè Hochul te anonse [yon plan aksyon sible pou konbat vòl veyikil](#), ki baze sou envestisman rekò nan [Bidjè Ane Fiskal 2024 la](#) ki sipòte ajans fòs lòd lokal yo ak òganizasyon kominotè yopou diminye vyolans ak zam davantaj, diminye residivis, adrese sikilasyon fentanil ki ka touye moun, ak amelyore efikasite sistèm tribinal la, ki te deranje pa pandemi an.

Envestisman sa yo gen ladan:

- **347 milyon dola, ki reprezante yon ogmantasyon 120 milyon dola** pa rapò ak bidjè ane fiskal 2023 a pou pwogram ki fèt pou anpeche ak diminye vyolans ak zam, ki gen ladan men pa sa sèlman:

-36.4 milyon dola pou inisyativ GIVE la
-25.9 milyon dola pou Inite Estabilizasyon Kominotè (Community Stabilization Units, CSU) Lapolis Eta a
-21 milyon dola pou pwogram Sansibilizasyon SNUG Street la
-7.4 milyon dola nan finansman adisyonèl pou etabli yon pwogram Sipèvizyon Kont Angajman Vyolan ak elaji repons eta a pou vyolans ak zam pami popilasyon ki nan libète kondisyonèl nan jiridiksyon GIVE yo

- **100 milyon dola** nan èd pou finansman pouswit ak defans atravè eta a
- **31.4 milyon dola** pou altènatif pou pwogram prizon yo
- **20 milyon dola** pou sèvis anvan pwochè
- **11.5 milyon dola** pou sèvis re-entegrasyon pou ede moun yo re-entegre nan kominote yo apre yo fin pije santans yo nan prizon

[Depatman Sèvis Jistis Penal Eta New York la](#) se yon ajans sipò jistis kriminèl a plizyè fonksyon ki gen yon bann responsabilite, ki gen ladan yo fòmasyon pou moun kap fè respekte lalwa yo; koleksyon ak analiz done krim atravè tout eta; antretyen dosye enfòmasyon istwa kriminèl ak anprent; sipèvizyon administratif baz done ADN eta a, an patenrya avèk lapolis Eta New York la; finansman ak sipèvizyon pou pwogram libète kondisyonèl ak koreksyon kominote yo; jesyon finansman jistis penal federal ak eta yo; sipò pou ajans ki gen rapò ak jistis kriminèl toupatou atravè eta; ak jesyon Rejis Delenkan Seksyèl eta a. Swiv ajans lan sou [Facebook](#), [Instagram](#) ak [X \(anvan sa li te rele Twitter\)](#).

###

Lèt nouvell disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)